1452601

मुद्रित पृष्ठों की संख्या : 6 बी.एम.ए.एफ.-001

# बी.ओ.पी./बी.सी.ए./बी.टी.एस.

## सत्रांत परीक्षा

## दिसम्बर, 2019

## बी.एम.ए.एफ.-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

**नोट :** *सम प्रश्नक उत्तर देवनागरी अथवा तिरहुतामे लिखू।*

1. निम्नलिखित शब्दक देशज रूप लिखू:— 5

   (क) अस्ति

   (ख) आत्मनः

   (ग) कच्छप

   (घ) एकादश

   (ङ) अपूप

2. निम्नलिखित शब्द समक एक-एक टा पर्यायवाची शब्द लिखू:— 5

(क) राजा

(ख) चान

(ग) झूठ

(घ) फूल

(ङ) गगन

3. निम्नलिखित शब्दक वाक्य निर्माण करू:— 5

(क) लताम

(ख) मोर

(ग) साँझ

(घ) अन्हरोखे

(ङ) गाम

4. निम्नलिखित लोकोक्तिक अर्थ स्पष्ट करू:— 5

(क) हाथ पकड़ब

(ख) हाथ लागब

(ग) हाथ मलब

(घ) कुकुर लागब

(ङ) हाथ फूजब

5. निम्नलिखित पावनि–तिहार कहिया मनाओल जाइछ:— 5

(क) मधुश्रावणी

(ख) कोजागरा

(ग) चौरचन

(घ) छठि

(ङ) भरदुतिया

6. निम्नलिखित अवतरण मे सँ कोनो एक पर 150 शब्द मे व्याख्या करू:— 7

बेटि क गहना बन्हकी रखने जँचरिम रहलै काज

धूम–धामसँ श्राद्ध हैत आ गदगद हैत समाज

फल्लाँ बाबू मुइला, कयलनि चिल्लाँ बाबू मोज
आगाँ-पाछाँ जे हो, क्यो की काज करै अछि रोज ?
बापक अरजल खेत राखि, सुदमरना करी बिदाइ
गौआँ-घरूआ, सर-कुटुम्ब आ हर्षित होथि जमाइ
की करबै लय, बिका जाय जँगाछी आ बसबारि
कन्यादान करब तेहने ठाँ पढ़यने गौआँ गारि
गोलेदारक आ मरबाड़िक बदल जाइछजँ कर्ज
सरकारी 'लोन' क नोटिस जँ मेटय तँ की हर्ज
मुदा हैत उपनयन ठाठसँ जेहन मुंडन मेल
की न करै अछि लोक कहू तँ अपना इज्जति लेल ?
जोत-पिहानी पुरी वा पाहुन-परक आबिजँ जाथि
भार-दोर दी वा कोनहुना घर पर दू जन खाथि
इज्जति टा रहि जाय, करब तेहने सब स्वार्थ-परार्थ
मुदा आइ घरि के बुझलक जे इज्जति कोन पदार्थ ?

**अथवा**

जन्म–दिवस थिक, माय गोसाउनि मनबथि लय फल–फूल,
क्यौ सुरभित तन सिङरहार सन झहरि चढ़य पद–धूल
पिता आइ पूजा आसन पर मंगल चण्डी पाठ
जुटल बधाबा देबय आगत मित्र–मण्डरिनक ठाठ
रंग–विरंगक पत्र डाकसँ अभिनन्दन केर छन्द
जन्म–दिवस थिक हमर आइ घरभरि उमड़ल आनन्द
गणक गुनथि ग्रह वर्ष–प्रवेशक शुभसूचक अवदात
किन्तु गनी हम पलक जीवनक बोतल अछि कत तात
संचित आयु कोषसँ होइछ श्वास–श्वास व्यय हन्त
वर्ष–प्रवेशक हर्ष–अमृत मे घोरल विषमय अन्त।

7. 'ग्रामसेविका' शीर्षकवला कथाक विषय–वस्तुसँ परिचय कराउ। 7

8. निम्नलिखित मे सँ कोनो एक व्यक्तित्व पर 300 शब्द मे साहित्यिक परिचय कराउ :— 7

(क) चन्दा झा

(ख) लालदास

(ग) रामकृष्ण झा 'किसुन'

9. निम्नलिखित मे सँ कोनो एक विषय पर 150 शब्द में अपन विचार लिखु:— 4

(क) पुस्तकालयक महत्त्व

(ख) अनुवादक उद्देश्य

(ग) ललित कलाक भिन्न-भिन्न स्वरूप